

## PWOJÈ KAPITAL

Metropolitan Transportation Authority nan non MTA New York City Transit ansanm avèk filyal li yo – MTA Long Island Rail Road, MTA Metro-North Railroad, MTA Construction and Development Company, ak MTA Bus Company (kolektivman “MTA”) ap òganize yon odyans piblik pou mande kòmantè sou pwopozisyon sibvansyon federal MTA pou Ane Fiskal 2021. Akòz pandemi COVID-19 ki ankou, nap òganize reyinyon sa a vityèlman atravè platfòm anliy Zoom ak fonksyon konferans telefòn, avèk yon difizyon andirèk sou sitwèb odyans pwojè kapital MTA 2021.

MTA a resevwa lajan federal konfòmman avèk Administrasyon Transpò Federal (FTA) nan Seksyon 5307 nan Depatman Transpòtasyon Etazini ak/oswa Seksyon 5309, 5324 (FTA Emergency Relief), 5337 ak 5339 Tit 49, nan Kòd Etazini (Kòd la), Tit I nan Lwa sou Transpòtasyon Sifas Etazini (FAST Act) ansanm avèk lòt afektasyon federal. Gouvènè Eta New York, otorite lokal yo, operatè sèvis transpò piblik yo te deziyen MTA pou resevwa kalite sibvansyon sa yo.

Lajan yo mande a se pou kategori pwojè kapital yo ki liste anba e yo pi byen dekri nan Pwojè Pwogram MTA yo. Pwojè Pwogram MTA yo disponib pou revizyon nan [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) lè ou rele nimewo ki liste anba. MTA mande epi ankouraje kòmantè founisè transpò prive yo. Amelyorasyon Kapital nan kad Pwogram sa a fèt jeneralman nan rezo MTA oswa nan yon pwopriete vil la oswa Eta posede. Akizasyon byen oswa relokasyon ap fèt konfòmman avèk dispozisyon legal ak reglemantè apwopriye yo. Pwojè yo ki fè pati nan odyans sa a fè pati nan Pwogram Kapital ki apwouv 2010-2014, 2015-2019 oswa 2020-2024.

Pwojè kapital yo te apwouve oswa ap andose pa Òganizasyon Planifikasyon Metropoliten pou rejyon metropoliten New York epi konfòme avèk Plan Enplemantasyon Eta (SIP) jan li obligatwa dapre Lwa modifiye 1990 sou Kalite Lè. Pwojè a pa ta dwe gen okenn enpak negatif anviwonmantal enpòtan. Si FTA prepare yon deklarasyon fòmèl sou enpak anviwonman an sou nenpòt nan pwojè pwopoze yo, MTA ap emèt yon avi piblik pou rann deklarasyon an disponib. Tout egzjans legal yo ki gen rapò avèk kliyan granmoun ansanm avèk sa ki andikape ap satisfè.

Li prevwa nenpòt diferans ant depans pwojè a ak lajan sibvansyon federal la ap satisfè grasa lajan ki te disponib pa youn oswa yon konbinezon ajans kredi ki afilye lokal ak eta pou pataj pwojè ki pa federal ki jenere grasa revni tòl annakò avèk lwa federal (23 USC 120 (i)), oswa lavant byen oswa pwogram revni.

Nan Ane Fiskal Federal 2020, MTA kalifye pou resevwa yon estimasyon \$684.2 milyon nan lajan seksyon 5307, \$795.3 milyon nan Seksyon 5337 State of Good Repair funds, ak \$28.6 milyon nan Lajan pou Enstalasyon Otobis ak Bis. Repatisyon pou Ane Fiskal Federal Ane 2021 la poko disponib. Lajan Federal yo dwe jeneralman mache a yon kontribisyon lokal pataje pou asistans kapital 20 pousan pou pifò kategori finansman yo.

### KATEGORI PWOJÈ/DEMANN FEDERAL ESTIME (Dola an Milyon)

LONG ISLAND RAIL ROAD		NEW YORK CITY TRANSIT	
<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>	<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>
Estasyon	180.05	Ranplasman Otobis	247.20
Ray	661.00	Estasyon Pasaje	2550.40
Liy Estrikiti	197.40	Ray	394.00
Kominikasyon ak Siyal	19.40	Liy Ekipman	110.00
Acha ak Santye	36.80	Liy Estrikiti	981.00
Elektrisite	142.30	Siyal ak Kominikasyon	375.80
Divès	138.00	Elektrisite	177.00
<b>Total LIRR</b>	<b>\$1374.95</b>	Achte	80.00
		Depo	28.50
		Divès/ljans	66.20
		Staten Island Railway	40.00
		<b>Total NYCT</b>	<b>\$5050.10</b>
METRO-NORTH RAILROAD		OTOBIS MTA	
<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>	<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>
Bato Ferry yo	\$12.56	Acha otobis	20.90
Estasyon	275.39	Etablisman yo	16.00
Ray ak Estrikiti	834.40	<b>Total Otobis MTA</b>	<b>\$36.90</b>
Kominikasyon ak Siyal	238.85		
Elektrisite	124.59		
Acha ak Santye	6.70		
Divès	56.00		
<b>Total MNR</b>	<b>\$1548.49</b>	<b>MTA TOTAL</b>	<b>\$8,010.44</b>

#### Dat ak Lè Odyans Piblik Vityèl yo, Peryòd Anrejistremman yo

##### PWOJÈ KAPITAL 2021, ODYANS PIBLIK VITYÈL, Madi 23 Fevriye 2021

Odyans lan ap kòmanse nan 5:00 p.m. Seminè anliy Vityèlman nan Zoom

##### Fòma Odyans Piblik Vityèl

Akòz pandemi COVID-19 ki ankou, nap òganize reyinyon sa a vityèlman atravè platfòm anliy Zoom ak fonksyon konferans telefòn, avèk yon difizyon andirèk sou sitwèb odyans pwojè kapital MTA 2021.

Ou sipoze anrejistre alavans pou ou pale nan yon odyans piblik vityèl. Chak moun pral gen twa (3) minit pou pale.

##### Anrejistremman pou Odyans Piblik Vityèl la

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik vityèl yo, tanpri anrejistre sou entènèt nan [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) oswa rele nan Nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Anrejistremna pou odyans piblik vityèl pral ouvè nan dat 23 Fevriye 2021 apati 10:00 a.m. pou rive 11:00 a.m. Tout kòmantè yo pral transkri epi yo pral fè pati dosye pèmanan odyans sa yo.

##### Rejwenn nou nan Odyans Piblik Vityèl la

Si w anrejistre pou w pale, ou kapab rejwenn nou atravè Zoom nan lè ki te pwograme pou odyans lan swa sou entènèt oswa pa telefòn atravè enstriksyon sa yo:

**Rejwenn Zoom sou entènèt:** Pou w jwenn aksè nan seminè anliy sou Zoom lan, vizite sitwèb la: [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing)

(Ou kapab ale tou sou [zoom.us/join](https://zoom.us/join) epi antre nimewo webinè a 889 4444 8992)

##### Rejwenn pa PC/Tablet/Smartphone:

Rewjenn lyen: <https://mta-info.zoom.us/j/88944448992>

ID seminè sou entènèt: 889 4444 8992

**Rejwenn Zoom sou entènèt pa telefòn:** Pou aksede a rankont Zoom lan atravè telefòn, tanpri rele 1-877-853-5247 (gratis). Epi antre nimewo Webinè a 889 4444 8992, epi apre peze siy dyèz (#).

**Wè Sèlman Sou Entènèt:** Manm Piblik la ki ta renmen sèlman pou yo asiste a odyans lan kapab jwenn aksè a "andirèk" la nan [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing).

##### Soumèt yon kòmantè

**Yo dwe depeze tout deklarasyon alekri yo nan 5 p.m. nan dat 23 Janvyè 2021.** Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa pap konsidere.

##### Pou w jwenn yon Kopi nan Pwojè Pwogram Konplè MTA

Wap jwenn yon lis konplè pwojè yo ki kalifye pou finansman dapre pwopozisyon sa a disponib sou sitwèb MTA nan [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) oswa lè ou eskane Kòd QR la. Wap jwenn enfòmasyon sou lokal piblik yo ansanm avèk pwojè yo ki kalifye pou finansman sou sitwèb MTA oswa lè ou kontakte MTA nan adrès ki anba. MTA ap fè pwogram final pwojè yo disponib sou sitwèb li pou pwojè seksyon 5307-finanse lè FTA atribye sibvansyon pou pwochen ane fiskal la.

MTA ap fè pwogram final pwojè yo disponib sou sitwèb li (<http://web.mta.info/mta/grant/index.html>) pou pwojè seksyon 5307-finanse lè FTA atribye sibvansyon Federal ane fiskal 2021.

##### Lòt fason anplis pou w fè kòmantè epi pou w mande enfòmasyon

Pou soumèt kòmantè, pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl oswa pou mande kopi aplikasyon yo ak pwojè pwogram final yo pou soumèt nan FTA, yo ta dwe voye lèt yo nan

**MTA Capital Program Funding, Re: 2021 Capital Projects Virtual Public Hearing, 2 Broadway, Room B4.01, New York, NY 10004. Tout lèt yo dwe gen so lapòs pa pita pase 23 Fevriye 2021.**

Pou w soumèt kòmantè oswa pou lòt enfòmasyon anplis, ou kapab kontakte nou nan [new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) oswa rele nimewo Odyans Piblik la nan (646) 252 6777.

Ajan telefòn yo disponib apati 6 a.m jiska 10 p.m chak jou.

##### Sèvis Aksè ak Èd pou kesyon Lang

Nan odyans vityèl yo CART Captioning ak Lang Siy Ameriken ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo a nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande mezi adaptasyon anvan oswa pandan 3 Fevriye 2021, lè ou soumèt yon demann anliy sou entènèt nan

[new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) oswa rele nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tande chak odyans yo lè ou rele seminè anliy Zoom nan 1-877-853-5247 (gratis).

Epi antre nimewo Webinè a 889 444 8992, epi apre peze siy dyèz (#).

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt mezi adaptasyon, tanpri soumèt yon demann omwen twa jou biwo anvan dat odyans lan pwograme an nan yonn nan fason ki vin annapre yo: sou entènèt nan

[new.mta.info/2021-capital-projects-hearing](https://www.mta.info/2021-capital-projects-hearing) lè ou rele nimewo telefòn Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay : **MTA Capital Program Funding, Re: 2021 Capital Projects**

**Virtual Public Hearing, 2 Broadway, B4.01, New York, NY 10004.**



Metropolitan Transportation Authority

[www.mta.info](https://www.mta.info)

